

## Ngatitarisei Svondo yemichindwe

1. Jesu akaraira vadzidzi kuti vaende muguta. Ikoko vaizondowana mbongoro ne mwana wayo iyo yavaida kushandisa. Ko Jesu akudzei vadzidzi vake? *(Akavaudza kuti vaisunungure.)*
2. Ko Jesu akaziva sei kuti mwene we mbongoro aizotenda kumupa? *(Aiziva chiprofita che Testamente Yakare. Mwanakomana waMwari naizvozvo anoziva zvose.)*
3. Vadzidzi vaifanira kutii kumwene wembongoro? *(Ishe anoida.)*
4. Vanhu vakaitei kuratidza rukudzo wravo kunaJesu apo akapinda muJerusarema? *(Vakawaridza nhumbi dzavo pamwechete nemashizha emichindwe kuti afambe pamusoro pazvo.)*
5. Ko vanhu vakadanidzira vachiti chii? *(Hozana kumwanakomana waDhavidhi! Wakaropafadzwa uyo unouya muzita raShe! Hozana kune wokumusorosoro!)*
6. Jesu akapinda muJerusarema akatasva mbongoro sa Mambo wenyika yose. Ko nemhaka yei Jesu akatasva mbongoro panzvimbo chebhiza? *(Jesu muchinda werugare, kwete wehondo. Mumazuva aJesu mbongoro yaiva mucherechedzo wokuzvinipisa, mutakuri wemutoro uye nechirangaridzo cherugare.)*
7. Ko izvi zvinorevei pamusoro peupnyu hwedu sevaKristu. *(Tingada kutevera muenzaniso waShe Jesu wokuzvinipisa nokutakurirana mitoro. Tingada kushumira zvichibva parudo rwedu naMwari.)*
8. Mutoro rudzii uyo Jesu akatitakurira? *(Akatakura mutoro wezvivi zvedu apo akatifira pamuchinjikwa.)*
9. Ko iwe ungaitei kuratidza rukudzo rwako kunaJesu? *(Kumurumbidza nenziyo, mumunamato uye neupenyu hwedu. Taurira vamwe nezverudo rwake rukuru kwavari.)*

## Svondo remichindwe



**Wakaropafadzwa Uyo unouya nemuzita  
raShe. Mapisarema 118:26**

## Zakariya 9:9-10

*Mambo wako arikuuya*

9 Fara kwazvo iwe mukunda weZioni; pururudza iwe mukunda weJerusarema; tarira, mambo wako anouya kwauri; ndiye wakarurama, ndiye unokunda; unozvininipisa, akatasva mbongoro, iyo mhuru mwana we mbongoro.

10 Ndichaparadza ngoro pakati paEfraimi, namabhiza pa Jerusarema; vuta vokurwa vuchaparadzwa; uchataurira nhudzi dzavanhu rugare; ushe hwake huchabva pagungwab kusvikira pagungwa, nokubva kuRwizi Kusvikira kumigumo yenyika.

### **Hosanna, Loud Hosanna**

*Jeanette Threlfall*

Hosanna, loud hosanna,  
The little children sang;  
Through pillared court and temple,  
The lovely anthem rang.  
To Jesus, who had blessed them,  
Close folded to His breast,  
The children sang their praises,  
The simplest and the best.

## Mateo 21:1-11

Jesu anogamuchirwa muJerusarema

Vakati voswedera kuJerusarema uye vasvika muBhetifage pagomo reMiorivhi, Jesu akatuma vadzidzi vaviri, 2 achiti kwavari, “Endai kumusha wamakatarisana nawo uye imomo muchaona mbongoro yakasungirirwa pamwe chete nomwana wayo. Mudzisunungure muuye nadzo kwandiri. 3 Kana pano munhu anotaura chinhu kwamuri, mumuudze kuti, Ishe anodzida uye achadzidzosa nokukurumidza.”

4 Izvi zvakaitika kuti zvizadzise zvakataurwa kubudikidza nomuprofiti achiti:

5 “Muti kuMwanasikana weZioni, ‘Tarira, Mambo wako anouya kwauri, ari munyoro, akatasva mbongoro, ari pamusoro pomwana wembongoro.’”

6 Vadzidzi vakaenda vakandoita sezvavakanga varayirwa naJesu.

7 Vakauya nembongoro nomwana wayo, vakaisa nguo dzavo pamusoro padzo, uye Jesu akagara pamusoro padzo. 8 Vanhu vazhinji vakawarira nguo dzavo mumugwagwa, vamwewo vakatema mapazi emiti vakaawarira mumugwagwa. 9 Vazhinji vakanga vakatungamira mberi navaya vakanga vachitevera vakadanidzira vachiti: “Hosana kuMwanakomana waDhavhidhi!” “Akaropafadzwa uyo anouya muzita ralshe!” “Hosana kumusoro-soro!”

10 Jesu akati apinda muJerusarema, guta rose rakazungunuswa, vakabvunza vachiti, “Ndianiko uyu?” 11 Vazhinji vakati, “Uyu ndiye Jesu, muprofiti anobva kuNazareta kuGarirea.”

*(Verengawo Mako 11:1-10, Ruka 19:28-38, Johani 12:12-15)*